दिन–रविवार दिनांक–22.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एखन राष्ट्रपति भवन मे विभिन्न क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान लेल पद्म पुरस्कार प्रदान कऽ रहल छथि। सुलभ इंटरनेशनलक प्रणेता बिंदेश्वर पाठक के मरणोपरान्त पद्म विभूषण सँ सम्मानित कयल जेबाक छनि। ओतहि, चिकित्साक क्षेत्र मे डॉक्टर सी.पी ठाकुर के पद्म भूषण पुरस्कार प्रदान कयल जेबाक छनि। एकर अतिरिक्त प्रदेशक पाँच आनो विभूति वरिष्ठ पत्रकार सुरेन्द्र किशोर, गोदना पेंटिंगक वास्ते शांति देवी पासवान आ शिवन पासवान कें तथा टिकुली कला लेल अशोक कुमार विश्वास के पद्म श्री सँ पुरस्कृत कयल जा रहल छनि। दरभंगा घरानाक ध्रुपद शैलीक गायक पंडित राम मल्लिक के कलाक क्षेत्र मे पद्मश्री सँ सम्मानित कयल जा रहल छनि।

---

प्रदेश मे दोसर आ तेसर चरणक लोकसभा चुनाव लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ बांका, भागलपुर आ किशनगंज मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा कयलनि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक जीतनराम मांझी आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान संयुक्त रूप सँ पूर्णियां, कटिहार आ भागलपुर लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवारक पक्ष मे चुनावी सभा कयलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ बांका, पूर्णियां आ कटिहार मे इंडी गठबंधनक उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी सभा मे सम्मिलित भेलाह। हुनका संग विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो उपस्थित छलाह। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी नड्डा चुनावी सभा करबाक लेल काल्हि बिहार आबि रहल छथि। ओ भागलपुर, खगड़िया आ झंझारपुर मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी रैली के सम्बोधित करताह।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरण लेल नामांकन पत्र वापस लेबाक आइ आंतिम दिन छल। तेसर चरण मे प्रदेशक पाँच सीट झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया संसदीय क्षेत्र मे सात मई के मतदान होयत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी कार्यालय सँ प्राप्त

जनतबक अनुसार एहि क्षेत्र सभ मे कुल छियानवे नामांकन पर्चा दाखिल भेल छल, जाहि मे चौबन नामांकन वैध पाओल गेल।

———————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल नामांकन भरबाक काज तेजी सँ भऽ रहल अछि। चारिम चरणक अंतर्गत प्रदेशक पाँच संसदीय क्षेत्र दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर मे तेरह मई के मतदान हेबाक अछि। बेगूसराय संसदीय सीट सँ शोषित समाज दलक उम्मीदवार उमेश पटेल अपन नामांकन दाखिल कयलनि। उजियारपुर संसदीय क्षेत्र सँ आइ दू निर्दलीय प्रत्याशी चंदेश्सर राय आ मनोज कुमार नामांकन पत्र भरलनि। एम्हर, समस्तीपुर संवाददाता जनौलनि अछि जे उजियारपुर सँ भाजपा प्रत्याशी नित्यानन्द राय काल्हि अपन नामांकन पत्र दाखिल करताह। एहि सीट पर नामांकनक अंतिम तारीख पच्चीस अप्रील अछि। छब्बीस अप्रील के नामांकन पत्रक जाँच होयत। नाम वापस लेबाक अंतिम तिथि उनतीस अप्रील अछि।

———————————————————————

बिहार भाजपा महागठबंधनक दल राजद कांग्रेस पर निशाना साधैत आइ एक आरोप पत्र जारी कयलक अछि। पटना स्थित भाजपा कार्यालय मे प्रदेश अध्यक्ष आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे महागठबंधनक घटक दल भ्रष्टाचारक पोषण आ देश तोड़बाक एजेंडा पर काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————

सहरसाक जिलाधिकारी अपराधिक पृष्ठभूमिवला छप्पन लोक के जिला आ थाना बदल करबाक आदेश देलनि अछि। लोकसभा चुनाव मे विधि व्यवस्थाक ध्यान राखबाक उद्‌देश्य सँ ई आदेश देल गेल अछि।

———————————————————————

भागलपुर मे आइ शत–प्रतिशत मतदाताक भागीदारी लेल जिलाधिकारी डॉक्टर नवल किशोर चौधरी आ पुलिस अधीक्षक श्री आनन्दक नेतृत्व मे रन फॉर वोट एण्ड रन फॉर भागलपुर आयोजित कयल गेल।

———————————————————————

लोकसभा चुनाव के नजरि मे राखि मधुबनी जिलाक बाबूबरही लदनिया प्रखंडक योगिया चौक लऽग एक संदिग्ध युवक के चारि लाख भारतीय टाकाक संग गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत सम्पूर्ण प्रदेश भीषण गर्मी आ उष्ण लहरि सँ प्रभावित अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे तैंतालीस दशमलव छओ

डिग्री सेल्सियसक संग बेगूसराय प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एक स्थानीय चक्रवातीय परिसंचरणक क्षेत्र बनबाक कारणे आइ सुपौल, अररिया, किशनगंज समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्व भाग मे कतहु–कतहु आंशिक वर्षा हेबाक संभावना अछि। हमर दरभंगा संवाददाता कहलनि अछि जे जिला मे आइ भरि दिन कखनो मेघ लगैत अछि आ कखनो रौद उगैत अछि। एहि कारणे काल्हि सँ आइ गर्मी सँ कनेक राहत भेटल अछि। एम्हर, एहने स्थिति पटना मे सेहो बनल अछि।

———————————————————————————

पृथ्वी दिवस पर आइ प्रदेश मे कतेको ठाम विभिन्न प्रकारक कार्यक्रमक आयोजन कऽ लोकसभ पर्यावरणक प्रति अपन संकल्पता व्यक्त कयलनि।

———————————————————————————

भागलपुर मे जिला परिषद अध्यक्ष पद पर लाओल गेल अविश्वास प्रस्ताव मे मिथुन यादव के जीत भेलनि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।